

Unofanira Kuita Sei?

Nyora mhinduro yako yemubvunzo wega wega panzvimbo yawapiwa kuti unyore. Yeuka kuti hapana mhinduro inonzi haisiyo. Tanga wanyatsofunga mibvunzo yacho wozonyora zvaunofunga.

Chiitiko 1

Sofia neshamwari yake yepamwoyo Joaquín vachangobva kurwa zvisingaiti. Zvadaro, Sofia abva anyora mashoko ekutuka Joaquín paindaneti. Pave paya manheru, Joaquín anomutumira meseji voregererana, asi zvanyorwa naSofia zvichiri paindaneti.

- Chii chinogona kuitika?
- Sofia anofanira kuita sei? Joaquin anofanira kuita sei??
- Ungafunga zvakamboitika zvakadai here?

Chiitiko 2

David akatora shamwari dzake mifananidzo vachiita misikanzwa akabva aisa paindaneti, akaisa nemahashitagi anganzi nevamwe haaiti, asi dziri nyambo dzaanoita neshamwari dzake. Mangwana acho imwe shamwari yavo Catalina akauya kwaari akamuudza kuti mahashitagi akanga asingatomboiti uye airatidza kushora vanhukadzi (kureva kuti anodzikisira pasi vanhukadzi) uye akanga amurwadzisa.

- Chii chinogona kuitika?
- David anofanira kuita sei? Ndezvipi zvimwe zvingaitwa naCatalina?
- Ko dai Catalina asarudza kupedzerana naDavid paindaneti pane kuuya kuzomuona vari vega?
- Ungafunga zvakamboitika zvakadai here?
- Ngatiti Catalina otanga kuti David anodheerera vamwe? Unofunga kuti kana David akanzi anodheerera vamwe, izvi zvingakanganisa sei mukurumbira wake mune remangwana?

Chiitiko 3

Aditi akanga ari paindaneti achibva aona kuti Mary, mumwe musikana anodzidza kuchikoro kwavo, akanga amutora mufananidzo achibva anyora kuti, “Haha #whatnottowear” (achinyomba hembe dzake). Kutaura chokwadi Aditi akatsamwa

zvisingaiti.

- Chii chingaitika?
- Mary anofanira kuita sei? Aditi anofanira kuita sei?

Unofanira Kuita Sei? Kopi Yemudzidzisi

Nyora mhinduro yako yemubvunzo wega wega panzvimbo yawapiwa kuti unyore. Yeuka kuti hapana mhinduro inonzi haisiyo. Tanga wanyatsofunga mibvunzo yacho wozonyora zvaunofunga.

Chiitiko 1

Sofia neshamwari yake yepamwoyo Joaquín vabva kurwa zvisingaiti. Zvadaro, Sofia abva anyora mashoko ekutuka Joaquín paindaneti. Pave paya manheru, Joaquín anomutumira meseji voregererana, asi zvanyorwa naSofia zvichiri paindaneti.

- Chii chinogona kuitika?
- Sofia anofanira kuita sei? Joaquin anofanira kuita sei??

Mumwe munhu anogona kuona zvaiswa paindaneti zvacho omhan'ara kuti Sofia anodheerera vamwe, kana kuti anogona kutadza kunzwisisa ukama huripo pakati paSofia naJoaquín. Joaquin anogona kuramba achifunga kuti zvaiswa izvi hazviiti. Zvingava zvakanaka kuti Sofia abvise zvaaisa zvacho.

- Ungafunga zvakanamitika zvakanadai here?

Vadzidzi vanofanira kufunga zvakanamitika kwavari kana zvavakaona zvichiitika kare. Usakanganwa kuti kutaura zvinhu zvakanamitika chaizvo izvi kunogona kuti vamwe vadzidzi vanzwe vasina kusununguka. Zviri nani kuti vataure zvakanamitika kushamwari dzavo kana vamwe vanhu (pane kutaura zvakanamitika kwavari).

Chiitiko 2

David akatora shamwari dzake mifananidzo vachiita misikanzwa, akabva aisa paindaneti, akaisa nemahashitagi anganzi nevamwe haaiti, asi dziri nyambo dzaanoita neshamwari dzake. Mangwana acho imwe shamwari yavo Catalina akauya kwaari akamuudza kuti mahashitagi akanga asingatomboiti uye airatidza kushora vanhukadzi (kureva kuti anodzokisira pasi vanhukadzi) uye akanga amurwadzisa.

- Chii chinogona kuitika?
- David anofanira kuita sei? Ndezvipi zvimwe zvingaitwa naCatalina?

David anofanira kukumbira ruregerero kana kutsanangura kuti akazviitirei. Vadzidzi vanofanira kuongorora kuti zvavanoita zvingaonekwa neimwe nzira nevamwe, zvisizvo zvavaireva, asi izvi hazvirevi kuti zvinofungwa nevamwe hazvina basa.

- Ko dai Catalina asarudza kupedzerana naDavid paindaneti pane kuuya

kuzomuona vari vega?

Dai kuri kuti Catalina oda kupedzerana naDavid paindaneti, vamwe vaibva vapindira panyaya yacho votsanangura kuti dzingori nyambo dzavo vega kana kuti votaura kuti mashoko acho akashata papi. Nyaya yacho inogona kubva yaperera, kana kuti inogona kubva yatova gakava revanhu vakawanda. Kuri kuti Catalina akataura naDavid neseji yevaviri paindaneti, David aikwanisa kutaura naye ogadziridza zvaakaisa kana agutsikana kuti hazvina kunaka zvechokwadi.

- Ungafunga zvakamboitika zvakadai here?

Vadzidzi ngavakurukure nezvekuti vakambogadzirisa sei kusanzwisana munguva yakadarika. Usakanganwa kuti kutaura zvinhu zvakaitika chaizvo izvi kunogona kuti vamwe vadzidzi vanzwe vasina kusununguka. Zviri nani kuti vataure zvakaitika kushamwari dzavo kana vamwe vanhu (pane kutaura zvakaitika kwavari).

- Ngatiti Catalina otanga kuti David anodheerera vamwe? Unofunga kuti kana David akanzi anodheerera vamwe, izvi zvingakanganisa sei mukurumbira wake mune remangwana?

Vadzidzi ngavakurukure vaone kuti chii chinonzi kudheerera vamwe uye vokurukura kuti zvinoiswa paindaneti zvingachinja sei maonerwo avanoitwa nevamwe.

Chiitiko 3

Aditi akanga ari paindaneti achibva aona kuti Mary, mumwe musikana anodzidza kuchikoro kwavo, akanga amutora mufananidzo achibva anyora kuti, “Haha #whatnottowear” (achinyomba hembe dzake). Kutaura chokwadi Aditi akatsamwa zvisingaiti.

- Chii chingaitika?
- Mary anofanira kuita sei? Aditi anofanira kuita sei?

Aditi anofanira kuenda kunoona Mary omuudza kuti zvaakaita hazvina kunaka zvachose. Aditi anogonawo kumhan'ara paindaneti pachokwana kana kuudza mumwe munhu mukuru (angave mubereki / mureri / mudzidzisi / mukuru wechikoro).